

Pwogram sèvis adomisil elaji pou moun aje (EISEP) oswa sèvis kominotè pou moun aje yo (CSE)

Akò Kliyan

Non Kliyan an (yo): _____

Ajans Founisè EISEP: _____

Ajans rejyonal pou moun aje: _____

Peryòd tan akò sa a kouvri: _____ pou _____

A. Akò - Pa gen frè patisipasyon

Tcheke kare a si seksyon sa a fè pati akò a.

Mwen konprann, dapre enfòmasyon mwen te bay yo, mwen pa oblije peye yon frè pou sèvis yo nan kad pwogram sèvis adomisil elaji pou moun aje yo (EISEP) oswa sèvis ki sanble ak EISEP nan kad pwogram sèvis kominotè pou moun aje yo (CSE) pou peryòd akò sa a kouvri a.

B. Akò - Frè patisipasyon

Tcheke kare a si seksyon sa a fè pati akò a.

Mwen dakò pou m peye yon frè pou sèvis, machandiz ak/oswa atik mwen resevwa nan kad EISEP ak/oswa CSE pou peryòd akò sa a kouvri a. Frè sa a pa pral depase _____% nan pri sèvis mwen resevwa pandan yon mwa oswa \$_____, y ap kenbe montan ki pi piti a. Montan sa a pa gen ladan pri pou trete ka a, ki gratis.

Estimasyon frè m ap peye chak mwa se \$_____, dapre sèvis, machandiz ak/oswa atik mwen espere resevwa nan men EISEP ak/oswa CSE. Sepandan, yo p ap fè m peye pou yon sèvis mwen pa resevwa reyèlman oswa pou sèvis mwen te resevwa anvan desizyon pou frè patisipasyon m nan.

Mwen konprann mwen pral resevwa _____ inite pou sèvis adomisil, _____ inite pou sèvis relèv ki pa enstitisyonèl ak _____ inite pou sèvis oksilyè.

C. Akò – Frè patisipasyon pou Kliyan Medicaid ka Genyen yo

Tcheke kare a si seksyon sa a fè pati akò a.

M ap aplike pou Medicaid epi mwen konprann pandan aplikasyon Medicaid ak tretman desizyon an, mwen mande pou yo ban mwen sèvis EISEP ak/oswa CSE, jan yo defini l nan plan swen mwen an.

Pandan y ap detèmine kalifikasyon Medicaid la, mwen konprann mwen responsab pri sèvis sa yo pou yon montan \$_____ pa mwa pandan peryòd Akò sa a kouvri a. Sepandan, yo p ap fè m peye pou yon sèvis mwen pa resevwa reyèlman oswa pou sèvis mwen te resevwa anvan desizyon pou pataje pri a. Mwen konprann si yo jwenn mwen kalifye pou Medicaid, Medicaid ap peye pou sèvis adomisil ki menm jan yo. Nan moman mwen kòmanse resevwa sèvis adomisil nan kad Medicaid, mwen konprann mwen p ap oblije peye yon frè patisipasyon pou sèvis adomisil mwen jwenn yo nan kad EISEP/CSE, epi akò sa a pral fini. Si mwen kalifye pou jwenn sèvis ak sipò EISEP/CSE Medicaid pa kouvri, mwen ka prezante yon nouvo demann pou EISEP/CSE epi yo pral etabli yon nouvo akò ki baze sou revni mwen, pri lojman ak aranjman mwen fè pou m viv. Nouvo akò sa a ka, si sa nesesè, genyen yon frè patisipasyon pou peryòd akò sa a.

D. Akò - Peye Pri konplè, Pa gen enfòmasyon finansye

Tcheke kare a si seksyon sa a fè pati akò a.

Mwen refize bay enfòmasyon ki nesesè pou fòm sa a. Mwen kwè revni mwen ak resous mwen genyen fè m pa kalifye pou m resevwa sèvis adomisil oswa tretman menm jan an nan kad Medicaid oswa nan nenpòt lòt pwogram gouvènman an. Mwen konprann piske yo refize m, mwen pa kalifye pou m resevwa asistans pou yon frè patisipasyon nan kad EISEP ak/oswa CSE. Mwen chwazi pou m resevwa sèvis mwen kalifye pou yo dapre akò sa a epi pou m peye pri total sèvis yo, \$_____ pa mwa, pou peryòd akò sa a kouvri a. Sepandan, yo p ap fè m peye pou okenn sèvis mwen pa resevwa oswa pou sèvis mwen te resevwa anvan mwen te deside frè patisipasyon an.

Mwen konprann si mwen deside bay tout enfòmasyon yo mande nan fòm sa a, mwen gen opòtinite pou mande epi resevwa yon nouvo desizyon sou kantite frè mwen oblije peye a. Pou mande sa, mwen pral kontakte Responsab Ka mwen an. Yon nouvo desizyon dapre seksyon sa a ap antre anvigè pa pi bonè pase dat nouvo akò a.

E. Deklarasyon Enfòmasyon Finansye

Mwen menm, _____, mwen deklare nenpòt enfòmasyon finansye mwen te bay anrapò ak sèvis EISEP ak/oswa CSE se verite epi yo kòrèk dapre tout sa mwen konnen. Mwen dakò pou yo verifye enfòmasyon sa yo, si sa nesesè. Mwen konsyan tout fo deklarasyon oswa

enfòmasyon k ap twonpe moun mwen fè espre mwen bay nan kad evalyasyon finansye sa a ka lakòz mwen pa kalifye pou sèvis yo.

Mwen konprann chanjman ki pral fèt nan kalite oswa nan kantite sèvis mwen resevwa, nan revni mwen, nan depans mwen fè pou lojman, nan aranjman mwen fè pou m viv, oswa nan depans medikal mwen fè yo kapab afekte akò sa a. Mwen dakò pou m fè Responsab Ka mwen an konnen nenpòt chanjman si te genyen. Mwen konprann si gen chanjman ki fèt, yo ka rekalkile frè patisipasyon mwen an nan depi lè chanjman an. Si mwen te peye anplis, ajans rejyonal pou moun aje yo pral ranbouse m tout. Si mwen te peye mwens, mwen pral peye montan mwen dwe a. Si yo jwenn yon erè, mwen konprann yo ka rekalkile frè patisipasyon mwen an nan depi lè sèvis yo te kòmanse a.

Yo te ban m bonjan enfòmasyon sou règleman ak pwosedi pou peye patisipasyon pa m nan epi mwen konprann si mwen fè espre mwen refize peye patisipasyon m nan, sa pral lakòz mwen soti nan pwogram nan epi sa pral fè m pa kalifye pou resevwa sèvis nan kad EISEP ak/oswa CSE jiskaske yo resevwa frè patisipasyon mwen dwe yo.

F. Orè Peman, Pratik Faktirasyon, ak Pwosedi Peman

Mwen dakò ak orè peman ajans lan, pratik faktirasyon yo, ak pwosedi peman yo, epi mwen rekonèt yo te ban mwen yon kopi nan dokiman sa yo ansanm ak Akò sa a.

G. Dwa Kliyan yo

Yo te enfòme m alekri sou dwa mwen nan kad EISEP ak/oswa CSE. Sa gen ladan tout dwa mwen ka genyen pou mande yon odyans ak dwa mwen genyen pou m diskite sou montan patisipasyon m nan nan pri Ajans Rejyonal pou Moun Aje yo te evalye a.

H. Aksepte Plan Swen an/ Desizyon pou Frè Patisipasyon an

Yo te enfòme m sou desizyon Plan Swen mwen an ak frè patisipasyon an.

Mwen aksepte Plan Swen an ak Desizyon pou frè Patisipasyon an

Wi Non (Eksplike)

_____ / _____

Dat Siyati Kliyan/Reprezantan

_____ / _____

Dat Siyati Kliyan/Reprezantan

Deklarasyon Responsab Ka a

Mwen menm, _____, Responsab Ka
pou _____, mwen deklare enfòmasyon ki
nan dokiman sa a konfòm ak enfòmasyon kliyan an bay yo.

Siyati: _____ **Dat:** _____

Non (Ekri ak lèt detache): _____

Telefòn: _____

Imèl: _____